



Pou Piblikasyon Imedya: 08/01/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE SERI GLOBAL POU KONBAT VYOLANS DOMESTIK AK VYOLANS KI BAZE SOU SÈKS NAN KAD ETA ETA LETA 2021 AN

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yon seri inisyativ global pou konbat vyolans domestik ak vyolans ki baze sou sèks nan kad Eta Leta 2021 an Seri a gen ladan yon pwopozisyon ki pèmèt tribinal yo egzije agresè yo peye pou domaj yo nan inite lojman an, depans pou demenajman, ak lòt depans lojman ki gen rapò ak vyolans domestik, ansanm ak yon pwopozisyon pou egzije Biwo Administrasyon Tribinal (Office of Court Administration, OCA) la rapòte estatistik sou krim vyolans domestik bay Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl (Division of Criminal Justice Services, DCJS) Eta New York la chak mwa.

Anplis de sa, Biwo pou Prevansyon Vyolans Domestik (Office for the Prevention of Domestic Violence, OPDV) la pral transfòme an yon ajans re-imagine, Biwo pou Mete Fen nan Vyolans Domestik ak Vyolans ki Baze sou Sèks (Office to End Domestic and Gender-Based Violence), epi yo pral gen responsablite pou adrese entèseksyon nan anpil fòm vyolans ant patnè entim, ki gen ladan vyolans domestik ak vyolans seksyèl, nan yon fason global ki santre sou sivivan yo.

"Youn nan rezilta ki pi terib nan pandemi sa a se gwo ogmantasyon ka vyolans domestik ak vyolans ki baze sou sèks", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Depi lontan New York rete yon lidè nasyonal nan batay pou mete fen nan zak meprizab sa yo epi n ap kontinye ouvri chemen an nan direksyon yon avni ki pi an sekirite pou tout moun. Non sèlman n ap goumen pou asire ke yo fòse agresè yo peye pou domaj yo kreye e ranfòse lwa nou yo pou retrire zam yo nan men yo, men nou ap re-imagine fason gouvènman an sipòte sivivan yo epi ba yo resous yo bezwen pou yo avanse nan lavi yo."

"Nan kad lidèchip Gouvènè Cuomo, depi lontan New York ap mennen batay nasyon an kont vyolans domestik e avèk ogmantasyon trajik nan zak atwòs sa a ke pandemi an pwovoque, nou ap double efò sa yo", te deklare **Melissa DeRosa, Sekretè Gouvènè an e Prezidan Konsèy Eta New York sou Fanm ak Ti Fi.** "Konpòtman degoutan sa a dwe fini e pou nou fè sa, n ap goumen pou asire ke agresè yo pa kapab eksplwate brèch ankò pou jwenn zam e se yo menm ke yo fòse peye pou rezilta devastasyon yo. Sepandan, li pa fini la -- nou bezwen re-imagine kijan gouvènman sipòte sivivan yo epi ba yo resous yo bezwen yo. Atravè nouvo Biwo pou Mete Fen nan Vyolans Domestik ak Vyolans ki Baze sou Sèks la, New York pral angaje nan yon apwòch global, ki konsantre sou sivivan nan direksyon pou ede rebati lavi yo."

Pandan ke New York te fè pwogrè remakab sou dwa lojman, Eta a dwe kontinye kenbe angajman solid li yo nan pran mezi ki pi fèm pou avanse. An konfòmite ak objektif sa a, Gouvènè Cuomo pwopoze pou pèmèt tribinal yo egzije agresè yo peye domaj nan inite lojman an, depans pou demenajman, ak lòt depans lojman ki gen rapò ak vyolans domestik.

Kounye a, nan mezi pou diskalifye moun yo te jwenn koupab de yon deli grav gen yon lisans zam nan New York, yo dwe jwenn yo te komèt krim lan kont yon moun ke yo te nan yon relasyon domestik ak li apre yon odyans separe. Anpil deli vyolans domestik yo diskalifye yo pa "make" kòm sadwa paske pwosesis pou make deli DV (vyolans domestik) eta diskalifye a konplike. Pandan ke New York te pran mezi anavan nan direksyon pou fèmen brèch sa a nan 2020 nan asire ke grefye tribinal yo rapòte kondanasyon diskalifye sa yo nan yon moman apwopriye, gen kèk moun ki kondane pou deli grav ki toujou kapab achte yon zam si yo pa swiv pwosesis ki gen plizyè etap sa a. Kòm rezilta, gen kèk moun ki kondane pou deli grav ke yo toujou pèmèt yo achte yon zam. Gouvènè Cuomo pwopoze kreyasyon yon etikèt deli vyolans domestik pou fèmen brèch vyolans domestik pou achte zam nan. Anplis de sa, Gouvènè a pral pwopoze lejislasyon pou egzije Biwo Administrasyon Tribinal la rapòte estatistik krim vyolans domestik yo bay Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl Eta New York la chak mwa pou asire ke yo kapab konte ensidan vyolans domestik yo.

Anplis de sa, nan kreye Biwo pou Mete Fen nan Vyolans Domestik Vyolans ki Baze sou Sèks la, Gouvènè Cuomo ap konstwi yon sant pèmanan epi ki inifye nan politik ak pwogram modèn pou Nouyòk yo k ap fè fas a vyolans ki baze sou sèks, reyini efò miltip pou adrese vyolans ki baze sou sèks nan tout gouvènman eta a. Biwo a pral ankouraje kolaborasyon ant ajans yo ak founisè sèvis yo, elimine pwosesis redondan yo, redui fòmalitye administratif yo, epi enstale batay yon fason pèmanan pou egalite ant sèks ak jistis pou sivivan yo kòm yon pilye nan gouvènman eta New York la.

Tenasite fanm New York yo ak angajman Gouvènè a pou egalite ant sèks yo mentni pwoblèm vyolans domestik ak prevansyon atak seksyèl yo nan tèt lis ajanda Eta New York la. Pandan tout tan li kòm Gouvènè, Gouvènè Cuomo te siyen anpil lejislasyon ki gen rapò ak asire sekirite pou ti fi, fanm, ak tout sivivan twomatiz domestik ak abi, ki gen ladan lejislasyon nan bidjè Ane Fiskal 2021 an ki otorize lapolis retire zam sou sèn yon ensidan vyolans domestik, epi egzije jij yo pou yo konsidere efè vyolans domestik pandan y ap detèmine distribisyon pwopriyete matrimonyal yo. Rekonèt ke etidyan kolèj yo gen dwa a yon anviwònman ki an sekirite, ki an sante, epi ki estimilan san diskriminasyon ak vyolans, Gouvènè Cuomo te siyen lalwa Enough is Enough (Nou Di Ase) la nan mwa jiyè 2015 pou adrese agresyon seksyèl, vyolans nan frekantasyon, vyolans domestik, ak asèlman sou kanpis kolèj yo.

Suit apre yon ogmantasyon nan vyolans domestik pandan pandemi COVID-19 la, Sekretè Gouvènè a Melissa DeRosa ak Konsèy Eta New York la sou Fanm ak Ti Fi (New York State Council on Women and Girls), te anonse nan mwa me 2020 an kreyasyon yon nouvo gwoup travay pou jwenn solisyon inovan fas ak kriz sa a. Atravè

Konsèy Gouvènè a sou Fanm ak Tifi, Gwoup Travay kont Vyolans Domestik 2019 la, ak Gwoup Travay kont Vyolans Domestik COVID-19 2020 an, administrasyon Gouvènè Cuomo a te kolekte rekòmandasyon nan men founisè yo, sivivan yo, manm fanmi yo ak administratè yo epi yo te kòmanse aplike yon yon modèl finans konplè epi fleksib pou sipòte yon kontinyasyon nan sèvis yo ki baze sou bezwen chak sivivan yo. Modèl yo sipò sivivan yo tou nan amelyore repons sistematik ki rann agresè yo responsab epi redui nivo letalite yo.

Pami pwogram yo ki deja sou pye gen yon nouvo tèks ak liy diskisyon 24 sou 24, 7 jou sou 7 pou moun ki fè fas ak vyolans domestik ak vyolans seksyèl, yon pilòt navigatè lojman pou amelyore opsyon lojman pou sivivan yo, kreyasyon yon sistèm koleksyon done nan tout eta a, nouvo fòmasyon ak resous pou moun k ap travay avèk popilasyon ki nan prizon ak imigran yo, yon toune pou pale dirèkteman ak sivivan yo konsènan bezwen yo, ak kominikasyon ranfòse konsènan disponiblite abri.

###

Lèt nouvel disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)